



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON SANT KARYÈ VITYÈL POU
KONEKTE PLIS NOUYÒKÈ AK KARYÈ**

***Resous gratis, modèn ki soti nan Depatman Travay Eta New York pral konekte
moun k ap chèche travay yo ak plis pase 250,000 djòb***

***Bati sou plan kat ane modènizasyon depatman an pou rasyonalize pwosesis yo
ak amelyore eksperyans kliyan yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) deja elaji [Sant Karyè Vityèl](#) (Virtual Career Center) li a, ki se yon platfòm anliy modèn pou ede Nouyòkè yo akselere rechèch karyè pa yo. Sant Karyè Vityèl la itilize entelijans atifisyèl solid pou relye konpetans ak eksperyans yon moun k ap chèche travay ak opòtinite travay yo. Platfòm gratis la satisfè bezwen endividyèl chak kliyan epi li pèmèt itilizatè yo navige plis pase 250,000 afiche travay nan kèk segonn, telechaje cv yo, epi eksplòre opòtinite fòmasyon travay pou mennen karyè yo nan yon lòt nivo.

"New York te fè pwogrès remakab nan diminye chomaj, kreye bon jan kalite djòb ki byen peye, epi konekte moun k ap chèche travay toupatou nan eta a pou akonpli opòtinite travay", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak agrandisman Sant Karyè Vityèl sa a, n ap pwofite pi bon teknoloji pou bay Nouyòkè yo yon zouti ki konplètman gratis pou jwenn djòb klas mondyal. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pran avantaj sou resous sa a epi vizite yo sitwèb Depatman Travay la pou aprann plis."

Anvan sa, sèlman moun k ap chèche travay ki nan chomaj ki te kapab jwenn aksè ak resous sa a atravè yon pwogram pilòt. Kounye a, Gouvènè Hochul agrandi li pou tout Nouyòkè kapab jwenn aksè ak Sant Karyè Vityèl la lè yo kreye oswa konekte nan yon kont ny.gov account.

Depatman Komisè Travay la, Roberta Reardon, te deklare, "Teknoloji te pèmèt nou kontinye sèvi kliyan yo pandan tout pandemi an, epi Depatman Travay la pral kontinye itilize dènye avansman yo pou ede Nouyòkè yo reyalize objektif karyè yo. Sant Karyè Vityèl la se jis youn nan anpil resous sou entènèt nou yo ki gratis ke nou ofri pou ede Nouyòkè yo fè rèv karyè yo vin reyalite."

Sant Karyè Vityèl la se dènye devlopman nan efò kontinyèl NYSDOL pou konekte Nouyòkè yo ak 250,000 opòtinite travay ki disponib atravè Eta New York. Nou ankouraje moun k ap chèche travay yo tcheke [Bank Travay Eta New York la](#) (New York State Job Bank) [Bank Travay Opòtinite Anbochaj a Tan Pasyèl](#) (Parttime Hiring Opportunities Job Bank), ak [Travay Sezonye NY](#) (NY Seasonal Jobs) pou chèche travay ki disponib nan tout eta a. Nouyòkè yo ka tcheke tou [Kalandriye Evènman ak Rekritman Sant Karyè](#) nou an pou enskri pou Atelye Vityèl ak Fwa Karyè Viryèl yo. [JobZone](#) bay zouti tou pou ede Nouyòkè yo planifye avni yo, òganize rechèch travay yo, devlope rezime yo epi eksplòre karyè yo. Nouyòkè ki pap travay ak sila yo ki pa travay ase yo ka aprann nouvo konpetans ki gen rapò ak karyè ki gen anpil demann lè yo enskri nan kou gratis sou entènèt atravè [Coursera](#)

Yo otomatikman ajoute tout nouvo moun k ap reklame avantaj Asirans Chomaj chak semèn yo epi envite yo nan Sant Karyè Vityèl la pou ede yo itilize nouvo zouti sa a pou jwenn travay ki koresponn ak eksperyans, konesans ak konpetans pa yo.

Prezidan Eightfold AI, Kamal Ahluwalia, te deklare, "Eta New York ap itilize Platfòm Entèlijans Talan ki pi pwisan nan mond lan pou ede sitwayen li yo konekte dirèkteman ak anplwayè yo epi amelyore konpetans yo. Ansanm, nou devlope Sant Karyè Vityèl la, ki bay chak Nouyòkè opòtinite pou jwenn djòb ki soutni fanmi yo, ki kapab ranfòse ekonomi an."

Chanselye Pwovizwa SUNY an, Deborah F. Stanley, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, eta nou an ap kreye yon bon jan filyè pou Nouyòkè yo konekte ak travay. Investisman istorik ane sa a nan edikasyon siperyè pral elaji pwogram akademik ak kalifikasyon ki pral devlope ladrès epi bay eksperyans, epi ak agrandisman Sant Karyè Vityèl jodi a, elèv SUNY sa yo ka byen vit wè ki jan kalifikasyon yo tradwi an opòtinite karyè. Depatman Travay New York la se yon patnè kle pou SUNY nan devlopman mendèv, an patikilye, epi nou apresye efò kontinyèl yo pou ede elèv yo tranzisyon nan direksyon travay."

Direktè Egzekitif Konsèy Devlopman Mendèv Rejyon Kapital la, Brian Williams, te deklare, "Depi nan konmansman pandemi an, sistèm devlopman mendèv lokal la te montre ke kapasite pou ofri sèvis adistans pèmèt plis aksè ak moun ki bezwen konsèy nan karyè ak fòmasyon konpetans ke biznis yo dezire. Sèvi ak teknoloji, tankou Sant Karyè Vityèl la konekte moun ak yon pakèt domèn devlopman mendèv ak sèvis fòmasyon konpetans, pral kreye yon chemen konplè ak aksesib nan gwo karyè ki soutni fanmi ak yon filyè talan pou biznis yo."

Direktè Egzekitif Konsèy Devlopman Mendèv Westchester-Putnam lan, Thom Kleiner, te deklare, "Tout direktè konsèy mendèv nan tout eta a ap tann ak enpasyans lansman nouvo resous estrawòdinè sa a ke nou pral pataje avèk moun k ap chèche travay ak anplwayè nou yo."

NYSDOL kontinye eksplòre nouvo fason pou pwofite teknoloji pou pi byen ede Nouyòkè yo. An jwenn, Gouvènè Hochul te anonse Depatman Travay la nan mwatye wout nan

[plan modènizasyon](#) estratejik 4 ane li a, yon efò kontinyèl ki pral diminye volim apèl yo, amelyore eksperyans kliyan yo, epi konekte Nouyòkè yo rapidman ak avantaj Asirans Chomaj (Unemployment Insurance, UI) yo. NYSDOL ap [analize kounye a enpak pandemi COVID-19 la sou fanm yo](#) nan milye travay la avèk yon konsantrasyon patikilye sou diferans nan salè ant plizyè nivo ki gen rapò ak sèks. Rapò a pral dekri rekòmandasyon ki fèt pou bay fanm yo otonomi pandan l ap fè avanse tou ekonomi divèsifye ak solid Eta New York la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418